

SOSYETE KOUKOUE AN AKSYON

Koutflach sou Pauris Jean-Baptiste

Pauris Jean-Baptiste se manm fondatè Sosyete Biblik Ayisyen, Federasyon Pwotestan epi Akademi Kreyòl Ayisyen. Li se manm retrete Sosyete Biblik Ayisyen, manm onorifik Federasyon Pwotestan Ayiti. Li aktif nan Komision Literati ak Kilti nan Akademi Kreyòl Ayisyen an.



Pauris Jean-Baptiste

Pauris Jean-Baptiste fèt 16 mas 1936, sou bitasyon Kawoche, Premye Seksyon Kominal Dolan, komin Tènèv nan Wo Latibonit. Sou laj 5 an, Li te al lekòl kay Frè Enstriksyon Kretyèn yo Gonayiv. Rive mwa jen, nan finisman premye ane lekòl, yo mete li deyò. Chè Frè a te di lekòl pa fèt pou li. Li te pase plizyè ane ap travay latè. Se konsa, yon jou matant li ranje ak papa li, manman li epi yon premye semèn oktòb, yo désann ak li Gonayiv yon lòt fwa ankò pou li ale lekòl. Li te gentan antre fon nan laj dizan. Yo enskri li nan lekòl prive Sentantwàn jouk li te rive nan klas sètifica. Apre sètifica etid primè, yon frè papa li enskri li nan lise Fab Nikola Jefra Gonayiv jouk rive nan klas 4èm segondè.

Gras ak èd Pastè Richard Wilkinson, apre klas filo, mwen pran direksyon Lekòl Biblik. Apre 2 ane nan Lekòl Evanjelik Labib, mwen vin jwenn opòtinité ale kontinye an Frans kote m pase 5 ane nan etid la. Kòm mwen te degaje m ase byen nan etid grèk Nouvo Testaman ak ebre biblik, pandan m ap prepare Metriz mwen nan Fakilte Teyolojik la, direktè m tou pran m konfye m yon kou grèk Nouvo Testaman epi li fè m vin Pastè asistan li.

Retou mwen an Ayiti

Apre 5 ane etid, mwen deside retounen Ayiti. Antre mwen antre avèk fanmi mwen an 1971, yo ban mwen anseye grèk ak ebre biblik nan Lekòl Evanjelik Labib kote m te etidyan. An menm tan tou, mwen anseye franse ak laten nan kolèj Maranata kote m te achieve klas segondè mwen kòm élèv.

Pandan mwen t ap anseye nan Kolèj Maranata ak nan Lekòl Biblik, mwen te antreprann sansibilize élèv yo ak etidyan yo sou nesesite itilizasyon lang kreyòl la. Te gen rezistans, men te gen kesyonman tou sou kesyon an. Vin jwenn sitou te gen Radyo Limyè, Radyo ki te gen yon bél popilarite nan popilasyon, ki t ap brase kesyon an.

Sosyete Biblik Ayisyen te lanse travay tradiksyon Bib la nan Kreyòl Ayisyen depi beldriv. Yo t ap chache yon moun ki ka degaje li nan ebre biblik pou antame tradiksyon Ansyen Testaman an. Se konsa an 1973, yo entegre m nan Ekip Tradiksyon an. Nou te kat ayisyen ki tabli premye jè travay la. An desanm 1985, nou te gen anpil kontantman wè tout Bib la parèt an Kreyòl ayisyen.

Nan septanm 1971, yon jou, yo mande m preche nan legliz mwen te frekante a. Se te yon dimanch maten. Manman mwen te chita nan ban devan chè Legliz la. Mwen pran tan m pare prèch la byen pwòp. Epi vwala, pandan m ap preche a, tanzantan je m tombe sou manman m, epi mwen wè l ap dòmi, l ap bay kout tèt. Se kòmsi mesaj mwen an pa t enterese li. Retounen lakay, mwen mande li pou ki sa li t ap dòmi konsa. Li di m li pa t konprann sa m ap di. Sa fè dòmi te vòlè l konsa.

Eksperyans sa a tanpe m byen fon. Mwen reyalize konbyen preche nou konn ap preche tankou nou nan yon savann dezole san pyès zòrèy k ap tandé nou. Depi jou sa a, desizyon m se preche an kreyòl an Ayiti. Mwen deside ekri sa m ap di nan prèch la pou m evite debòde epi tonbe nan blablabla.

Jou yo t ap konsakre m kòm Pastè, mwen pwononse diskou mwen an kreyòl. Mwen etone konbe moun ki vin di m jan yo te kontan goute mesaj konsekrasyon mwen. Madanm Pastè an chè Legliz la, yon dam ki pale franse kou rat, li di m kouman mwen kanpe eskap figi yo byen ak mesaj la an kreyòl. Epi li di m: « Kontinye konsa, Pastè Pauris ».

Si gen moun ki apresye lè se an kreyòl m pran lapawòl, gen lòt ki boude mwen. Yo menm santi yo vekse. Tèleka yon pastè, ansyen kondisip mwen, ki t ap organize yon fêt anivèsè Legliz li. Kòlèg la envite mwen pwononse diskou ofisyèl la. Pou yo prezante m bay asanble a, yo vide kont franse yo met atè. Yo ban m yon kantite tit mwen pa genyen,

ni genyen ni merite. Epi, desepsyon... mwen pwononse diskou a an kreyòl. Fidèl yo kontan, yo bat bravo, kout amèn fè mikalaw... Pastè ki te envite m nan, li te sètoblije koube li antre nan santiman satisfaksyon fidèl yo pou li felisite pris pawòl mwen yo.

Yon lòt jou, se te pou 3èm anivèsè Radyo Nasyonal.

Yo envite m nan yon seremoni ekimenik. Tout seremoni an te dewoule nan lakou Radyo a. Se te nan Pòtoprens, ri Magazen Leta. Pè a ki te vin Monsenyè LAROCHE fin fè pati pa li nan selebrasyon an. Epi yo pase m lapawòl pou prèch la. Mwen bay predikasyon an an kreyòl. Mwen esplike sa radyo a dwe ye kòm zouti lajan popilasyon an. Li dwe osèvis tout moun san distensyon nan peyi a. Paske non li se RADYO NASYONAL. Ki vle di li la pou li tande epi sèvi tout kouch nan popilasyon an, kèlkeswa lide ak panse moun nan.

Apre sèvis relije a, direktè radyo a pran pè LAROCHE, li ale, m pa konn ki bò ak li. Epi misye kite m kanpe tankou yon gwo bégwè... li pa menm vin salwe m. Mwen pa fè ni de ni twa bagay, mwen annik rantre lakay mwen. Lè m rive, m jwenn moun lakay la an boulvès. Mande sa ki genyen ? Enben, pandan m t ap bay mesaj la, yo retire m nan lè a. Moun konprann se arete yo te arete m. Nan epòk la, Radyo Nasyonal Ayiti te anvòg ak anpil ekout. Etidyan nan Lekòl Nòmal la te enkyete pou mwen. Gen ansyen etidyan ki konnen m, yo te gentan ap rele pou konnen sa ki rive m. Radyo a te anonsé se mwen ki t ap pran lapawòl. Yo te kòmanse ap koute epi yo wè yo coupe retrasmisyon pwogram lan.

Se te yon esperyans enpòtan. Èske se paske mwen te pran lapawòl an kreyòl oubyen se paske mwen te twò klè sou veritab wòl ak misyon Radyo tout ayisyen yo ?

Antouka, chak kou mwen jwenn okazyon pran lapawòl an pubblik, mwen fè sa nan lang ki simante nou tout ayisyen nèt. Pandan tout karyè mwen nan ansèyman an Ayiti, mwen pa janm kite lang KREYÒL la, lang komunikasyon ant nou tout la, ap trennen dèyè. Kit se nan radyo, nan televizyon, sou jounal, aloral, alekri, m reponn preznan pou ranpli misyon.

Matant mwen chanje lavi mwen

M te gen yon matant mwen, sè manman m, ki te pwotestan. Nan epòk la, manman m, papa m, sè m, frè m, nou tout te katolik vodouwizan. Chak kou tant lan pral legliz, se devan baryè lakay pou li pase kanmenm. Yon dimanch maten, li ta pral nan sèvis relije. Kòm dabitud, li rele manman m, sè li, pou pran nouvèl nou. Epi m tande matant mwen di manman m: «Fani, ban m Pauris pou n al legliz jodi a».

Manman m reponn : « M ta ba ou li vre wi, men li pa gen soulye. Pye 1 grandi. Soulye yo vin twò piti pou li. Y ap sere pye li fè yo fè li mal ».

Matant lan di: «Sa w ap di konsa, Fani... Bib la di : «Pwotestan repanti san soulye». Deklarasyon sa a matant fè sou non Bib la te toujou entrige m. Kouman fè pwotestan repanti san soulye a ! Epoutan, matant konn gen soulye nan pye li pou 1 al legliz... Epi vwala yon jou, vin gen yon reyinyon pwotestan nan lakou kay madan Berna, yon vwazin nou, Kawoche. Kòm timoun fouyapòt, mwen al gade. Epi m tande yon chante ki pati konsa: «Gloire à Dieu, Gloire à Dieu, Que ce chant retentisse en tout lieu». Nan plas « Que ce chant retentisse en tout lieu. » gen moun nan reyinyon an m tande k ap chante: « Pwotestan repanti san soulye ». Menm matant sa a, m tande yon jou l ap rale zòrèy manman m, sè li, konsènan ti sè mwen Silvani. Li mande manman m veye Silvani byen. Paske Labib di: «Depi lontan, tifi rebel ». Se konsa matant te entèprete pawòl kantik ki di : « Longtemps tu fus rebelle ».

Pasaj mwen nan Jounal Boukan

Jounal mansyèl BOUKAN te bouste m pi plis toujou. Apa atik m te konn ekri pibliye nan BOUKAN, m te vin yonnan redaktè prensipal jounal la. Yon jou, te gen lengwis Gilles Lefebvre nan Invèsite Montréal ki te bay yon bél konferans nan Pòtoprens. Se te sou kreyòl. Misye pouse yon rèl. Li di si nou vle lang kreyòl ayisyen an pouse vanse pou pi devan se pwodui pou nou pwodui nan lang lan. Epi li ensiste pou li di: « Pwodui, pwodui, pwodui mesyedam ... N a wè rezulta sa va bay ». Rekomandasyon G. Lefebvre yo pa t tonbe nan twou zòrèy moko. Yo te met gaz nan motè m pou kontinye rapousib ekri. Grasadye, mwen sou ventyèm liv m pibliye an kreyòl. E m ap kontinye ekri, m ap kontinye pibliye

Kèk pami liv mwen pibliye yo

Pami liv mwen pibliye yo, genyen: Tonton Maten 1973, Kout Flach sou 250 Pwovèb 1974, Dezyèm Kout Flach sou 300 Pwovèb Ayiti 1976 Sogo Nan Kwazman Granchimen 1979, Lavi an miyèt 1985, Nan lonbray inosans 1985, Deblo Zabèl Bobori 1996, Zig lavi 2008, Simon Bwadavi 2011. Nan lonbray inosans, 1985, te genyen Pri Deschamps pou woman ki ekri an kreyòl. Nan lide pa mwen, tèk mwen ekri yo se refleksyon sou lavi, repòtaj sou sa mwen wè ak sa mwen tande. Anfèt se plis lektè yo ki ka klase liv mwen yo an kategori.

Pauris Jean-Baptiste, Janvye 2023

Bonjou Zanmi Atizan Kreyòl yo,

Nou swete tout moun yon bél jounen nan kè kontan ak yon chay enspirasyon! Nou vle pwofite okazyon sa a, pou nou remèsyé tout moun ki te patisipe nan lansman liv Gary S. Daniel la. Nou gen yon bél jèb remèsiman pou chak gress moun ki te preznan, paske patisipasyon nou chak, chalè nou te pote nan vwa nou, pawòl konfyans nou, detéménasyon nou te fè fòs evènman an. Chak fwa nou fè kalite rankont sa yo se ranfose nou ap ranfose batri kreyòl la pou nou kontinye demontre pisans powetik lang kreyòl la.

Yon selebrasyon kiltirèl ekstrawòdinè

Lansman liv Gary S. Daniel la te plis pase yon senp evènman literè. Se te yon reyinyon, kote nou te ap selebre eritaj nou, lang nou, ak kreyativité powèt nou an. Nou te viv ansanm moman sila a ki te pèmèt nou kontinye make listwa pwezi Ayiti a ki ekri nan lang kreyòl la nou damou longpleying.

Se depi nan mitan ane 1960 yo, powèt Sosyete Koukou te demontre angajman yo nan bay pwezi ki ekri an kreyòl la zèl. Kalite volonté sa a pa janm febli. Poudayè, jèn powèt kou Douglas Zamor – Douz-ap rapousuiv menm wout la avèk yon fòm pwezi li rele pwezi Danmbala. Gary Daniel, an kalite fanatik fouthòl, te devlope teknik Pwezigòl. Nan Twa powèm pou mounite fleri, Gary te mete yon flè jwèt fouthòl nan majorite powèm ki nan liv la. Pi fò tèks yo te genyen 11 liypwezi. Se yon zyedou otè a te fè pou fòmasyon yon ekip fouthòl ki genyen 11 jwè. Powèm manm Sosyete Koukou yo nan dyaspora a kou sou tè Ayiti pote yon vibrasyon espesyal nan kategori literè ki rele pwezi a.

Yon sipò ki valè men ki pa gen pri

Sipò tout moun ki te preznan sou zoun lan se te yon sipò doub. Sipò pou liv Gary Daniel la, men tou, sipò pou tout mouvman an, pou tout kreyatè ki angaje yo nan ranfose epi valorize kilti ak lang kreyòl la. Nou santi yon fòs nouvo ki ap pouse nou pi devan, ki ap inspire nou pou nou kontinye travay di, pi di chak jou.

Yon evènman anrichisan

Pataj ant patisipan yo ak animatè sware a, Edenne Roc, te yon veritab eksplozyon konesans ak enspirasyon. Pwofesè Sandi Larose, Pwofesè Placide, ak Michel-Ange (Kaptèn) te pran tan yo pou yo montre richès ki genyen nan liv "Twa Powèm Pou Mounite Fleri". Yo te pran tan yo pou yo eksplike angajman otè a pou mounite fleri tout bon vre. Pou moun ki poko konnen, mounite vle di viv ansanm an amoni yon ak lòt epi ak anviwonman nou. Se filozòf Henock Franklin ki te premye itilize mo sa a.

Achte liv la kounye a!

Si ou poko genyen yon ekzanplè liv Gary S. Daniel la, nou ankouraje ou jwenn li kounye a! Liv sa a se pa senpman yon travay literè, se yon resous pou pwezi kreyòl la. Pou ou jwenn yon, ekri Gary S. Daniel nan adres sa a: 48 Thiells Mount Ivy Rd. Pomona N.Y. 10970. Pri liv la se \$10.00 US + \$5.00 pou lapòs.

Kontinye sipò epi kreye avni nou

Se ansanm pou nou kontinye batì yon kominote kiltirèl ki solid, kote nou tout ap jwenn plas nou nan yon bél konsè vwa pou tout moun tande nou toupatou, nan kat pwen kadino. Nou ankouraje nou kontinye sipò travay kreyativité ak kiltirèl nan kominote nou an. Nou remèsyé nou ankò pou sipò san parey nou, epi nou swete wè nou nan pwochen evènman nou yo.

Ak tout lanmou ak rekonesans Sosyete Koukou nan Kanada

Ti Biyè Lektè yo

Bonswa Kaptèn,

Kite mwen di ou yon gwo mèsi pou travay sa a w ap fè sou lang manman nou an. Bravo, monchè !

Ala yon bél analiz kammarad Henri-Robert fè sou istwa Fanm Dawonmen an. Nan kèk fraz byen chita, li kanpe istwa a. Li montre nannan tèks la. Otè a gendwa pa te menm panse li t ap devlope tèm tankou idantite, kouraj, enèji ak lòt ankò nan tèks la, men Henri-Robert rale tou sa mete atè avèk prèv alapui. Bravo! Mwenmenm, m ta ajoute pwen pwent nostalji, savan yo ta di anfiligràn, ki vlope zèv la. M rete la. Twò grata kreve kwi.

Antouka, Kaptèn, mèsi anpil epi. tanpri, transmèt remèsiman m ak tout felisitasyon m bay kammarad Henri-Robert. Se yon gason kon sa Enstiti kreyòl ak patrimòw kiltirèl ayisyen an ap bezwen nan ekip literati li a.

Kenbe la, pa lage!

Sauveur

Nòt Komite Redaksyon Paj la

Paj kreyòl la louvri pou tout atizan kreyòl ki gen pawòl pou yo di sou lang kreyòl la, an kreyòl, nan kèlkeswa domèn lan. Pawòl ki di nan paj la se responsabilite moun ki di yo a.